**МОБИЛОН УӔЛӔФТУАН «ИРОН ЧИНЫГ» КУЫД АХСДЖИАГ ӔМӔ ХЪӔУГӔ ФӔРӔЗ ИРОН ӔВЗАДЖЫ АХУЫРТЫ РӔВДАУӔНДОНЫ САБИТИМӔ**

Мобилон уæлæфтуан «Ирон чиныг» сарæзтæ уыд, цæмæй сывæллæттæ ирон æвзагмæ æмхиц уой, рагацау æй ахуыр кæной. Уыцы куысты ахадындзинад та махæй сусæг никæмæн у. Уымæн, æмæ махыл, рæвдауæндоны кусджытыл, ис стыр хæс æвæрд – сывæллæтты сахуыр кæнын иронау хъуыды кæнын, сæ хъуыдытæ кæрæдзиуыл бастæй аив дзурын, æвзагæй пайда кæнын куыд бастдзинад æмæ зонындзинæдтæ исыны фæрæзæй.

Уыцы стыр хæстæ цæмæй нæ къухы æнтысджынæй бафтой, уый тыххæй æвæллайгæйæ агурæм ног фæрæзтæ æмæ ног гæнæнтæ. Уыцы фæрæзтæй иу у мобилон уæлæфтуан «Ирон чиныг» - алæмæты хæзнадон, сабитæн фыст ирон литературæйы хуыздæр уацмыстæ æмбырдгонд кæм æрцыдысты, уый. Уыимæ ма, ацы ахадгæ фæрæз баст у нырыккон информацион-коммуникативон технологитимæ. Куыд зонæм, афтæмæй та ныртæккæйы сывæллæттæ сæ цард æнæ уыдонæй нал уынынц. Уымæ гæсгæ сын ахæм куысты хуыз вæййы тынг цымыдисаг æмæ зæрдæмæдзæугæ. Куыддæр мын мæ къухы фенынц телефон æмæ хъæрæйдзурæн (ома, колонка), афтæ сæ цæстытæ цинæй айдзаг вæййынц.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ уæлæфтуаны цы уацмыстæ ис, уыдон кæсынц ирон драмон театры хуыздæр актертæ. Уыдоны раст, аив æмæ зæрдæмæдзæугæ ныхас хъусгæйæ, сывæллæттæ дæр фæтырнынц æмæ, кæй зæгъынæй хъæуы, фæцалх вæййынц аив дзурыныл раст æмæ рæсугъд интонациимæ.

Фæнысан кæнын хъæуы уый, æмæ «Ирон чиныджы» уацмыстæ афтæ ахадгæ æмæ бирæвæрсыг сты, æмæ сæ ис спайда кæнын алы ахуырты дæр.

Фæнды сабиты цæрæгойтимæ зонгæ кæнæм, фæнды афæдзы афонтимæ, фæнды хидарыны æгъдæуттимæ – алы темæмæ гæсгæ дæр дзы ссардзыстæм хъæугæ æрмæг. Суанг ма дзы уыци-уыцитæ æмæ сыгъдæгдзуринæгтæ дæр ссардзыстæм.

Куыд загътон, афтæмæй уæлæфтуаны æрмæгæй мах алы хуызы пайда кæнæм. Зæгъæм, куы нæм вæййы темæ «Бинонтæ», уæд ахуырты рæстæг спайда кæнæм Гусалты Замирæты æмдзæвгæйæ «Бинонтæ»; Райгуырæн бæстæимæ сæ куы фæзонгæ кæнæм, уæд та байхъусæм æмдзæвгæмæ «Цы мын у зынаргъ»; уæдæ сæ афæдзы афонты нысантимæ куы фæзонгæ кæнæм, уæд дæр нæ ахуырты иу хай вæййы темæимæ баст уацмысмæ байхъусын уæлæфтуаны æрмæджытæй; æмæ афтæ дарддæр. Ома, ахуырты рæстæг спайда кæнæм иу цавæрдæр уацмысæй.

Фæлæ вæййы,æмæ нæ ахуырты мидис кæрæй-кæронмæ сбæттæм уæлæфтуаны уацмыстимæ. Зæгъæм, куы нæм вæййы темæ «Хæдзарон мæргътæ», уæд раздæр спайда кæнæм Айларты Михалы æмдзæвгæтæй «Кæрконæг», «Бабыз» ,«Гогыз» куыд сыгъдæгдзуринæгтæй. Уымæн æмæ сусæг нæу, дзырдты мырон культурæмæ дæр стыр æргом здахын кæй хъæуы, уый. Уый фæстæ ма нын уыцы æмдзæвгæтæ æххуыс вæййынц улæфты минуты дæр, сæ ныхæстæм гæсгæ сывæллæттæ февдисынц алыхуызон буары змæлдтытæ. Дарддæр спайда кæнæм æмдзæвгæйæ «Уасæг», уый дæр уыцы чиныгæй, «Дзиба-дыгоппон». Æмæ ма, кæронбæттæны байхъусæм аргъаумæ «Цъиу æмæ рувас» Токаты Дзерассæйы чиныгæй ист. Уæгъд рæстæг та ацы аргъау рольтæм гæсгæ ахъазæм.

Ахæм дæнцæгтæ ма ис æрхæссæн æндæр темæтæй дæр. Ома, уый дзурæг у, мобилон уæлæфтуан «Ирон чиныг» нын нæ къух иттæг хорз кæй барог кодта, ууыл.

Аудиотекстыл кусыны методикæйыл бæстонæй нæ лæудзынæн, уыимæ уæ алчидæр зонгæ у цы курсытæ нæм уыдис, уыдоны руаджы.

Ӕрмӕст мӕ зӕгъын фӕнды ӕмӕ махӕн уыцы ахадгӕ курсыты фӕрцы нӕ къухы бафтыд нӕ рӕвдауӕндоны хъомылгӕнджыты зонындзинӕдтӕ иучысыл фӕуӕрӕхдӕр кӕнын. Уыдис нӕм практикон семинартӕ. Уыцы семинарты мах бамбарын кодтам нӕ хъомылгӕнджытӕн аудиотекст ӕрмӕст байхъусынмӕ лӕвӕрд кӕй нӕ цӕуы, уый ӕмӕ сӕ базонгӕ кодтам уацмыстыл кусыны алгоритмимӕ.

Нӕ куысты фӕстиуджыты тыххӕй куы дзурӕм, уӕд мӕ бон фидарӕй зӕгъын у нӕ сабитӕ цымыдисдӕрӕй ӕмӕ зӕрдӕргъӕвддӕрӕй кӕй райдыдтой ахуырты архайын, уый. Уый, мӕнмӕ гӕсгӕ, уымӕн, ӕмӕ ма йӕ иу хатт зӕгъдзынӕн: цыдӕриддӕр баст у цавӕрдӕр ногдзинадимӕ, уый сывӕллӕттӕм тынг хорз кӕсы ӕмӕ сӕ зӕрдӕмӕ дӕр тынг цӕуы. Сывӕллонмӕ та цымыдисдзинад куы уа, уӕд куысты хатдзӕгтӕ дӕр вӕййынц бӕлвырд хуыздӕр ӕмӕ бӕрзонддӕр. Афтӕмӕй, хъазгӕмхасӕнты, мах архайӕм сабиты ныхасы рӕзтыл, хъӕздыгдӕр сын кӕнӕм сӕ дзырдуат, кусӕм ныхасы грамматикон бындурыл, баст ныхасыл, зонгӕ сӕ кӕнӕм литературон ӕвзаджы ӕгъдӕуттимӕ. Уыимӕ ма парахатдӕр кӕнӕм сывӕллӕтты зонындзинӕдтӕ алфамблай дунейы тыххӕй.

Бӕрӕг у, хъӕугӕ ӕмӕ зӕрдӕмӕдзӕугӕ фӕстиуджытӕ къухы цыбыр рӕстӕгмӕ нӕ бафтынц. Ахуыргӕндтӕ куыд зӕгъынц, афтӕмӕй сывӕллӕттӕн раздӕр бауарзын кӕнын хъӕуы сӕ мадӕлон ӕвзаг; сӕ删 кармӕ гӕсгӕ сӕ ӕркӕнын хъӕуы ахӕм уавӕрмӕ, ӕмӕ сӕ хъуыдытӕ дзурын сӕхи куыд ӕрфӕнда, дзурыны фӕндон сӕм куыд фӕзына. Уый у махӕн нӕ фыццаградон хӕс. Ӕмӕ уыцы стыр хӕс нӕ къухы куы бафта, уӕд мӕ фидарӕй уырны, ирон ӕвзаджы фидӕн бӕллиццаг кӕй уыдзӕн, уый.